



Lwa Eta New York egzije chofè yo pou yo itilize restriksyon sekirite lè y ap kondi nenpòt veyikil ki obligatwa pou gen restriksyon sekirite. Lè yon chofè ki gen yon lisans apranti Klas DJ ap opere yon veyikil, chak pasaje ki nan veyikil la dwe itilize yon restriksyon sekirite (yon senti sekirite, yon melanj senti sekirite ak bretèl sekirite, yon chèz sekirite pou timoun).

Si ou gen yon lisans apranti, men restriksyon ki aplike pou ou:

- ◆ Ou pa ka kondi yon veyikil sof si yon chofè k ap sipèvize ou nan veyikil la avèk ou. Chofè k ap sipèvize ou a dwe gen laj 21 ane oswa plis epi li dwe gen yon lisans ki valab pou opere kalite veyikil ou ladan an. Si veyikil la se yon motosiklèt oswa yon velomotè, se sèlman chofè k ap sipèvize ou a ki kapab ladan avèk ou. Men, olye chofè k ap sipèvize ou a sou motosiklèt la oswa sou velomotè a avèk ou, li ka ba ou “sipèvizyon jeneral” lè li swiv ou epi rete sou yon distans yon ka mil avèk ou, pou li obsève ou toutan.
- ◆ Ou pa gen pèmision pou kondi yon veyikil ki gen materyèl danjere ladan.
- ◆ Ou pa ka kondi yon veyikil nan nenpòt zòn DMV deziyen kòm yon zòn pou tès pratik, sof lè w ap pran yon tès pratik.
- ◆ Ou pa ka kondi yon veyikil nan wout ki endike anba la yo:
 - ❖ Nenpòt lari ki andedan yon pak nan Vil New York
 - ❖ Nenpòt pon oswa tinèl nan Vil New York ki anba jiridiksyon Triborough Bridge and Tunnel Authority
 - ❖ Wout rapid sa yo ki nan Konte Westchester:
 - Hutchinson River Pkwy. - Cross County Pkwy.
 - Saw Mill River Pkwy. - Taconic State Pkwy.

Anplis restriksyon ki endike anwo a, restriksyon ki endike anba la yo aplike pou nenpòt moun ki gen yon lisans apranti Klas DJ oswa Klas MJ:

- ◆ Pa plis pase yon pasaje ki poko gen laj 21 ane ki pa yon manm fanmi ou gen pèmision pou nan veyikil la. Sa pa aplike si chofè k ap sipèvize ou a se yon paran, yon responsab legal, yon pwofesè edikasyon chofè oswa yon sipèvizè oto-ekòl.
- ◆ Okenn pasaje pa gen pèmision pou chita nan plas devan, sof pou chofè k ap sipèvize ou a.
- ◆ Si w ap kondi nan 3 rejyon ki endike nan tablo anba la a, ou dwe swiv règ ki dekri nan chak rejyon:

VIL NEW YORK (TOU 5 MINISIPALITE YO)	LONG ISLAND (NASSAU AK SUFFOLK)	PATI NÒ NEW YORK (TOUT LÒT KONTE YO)
5 AM jiska 9 PM	5 AM jiska 9 PM	5 AM jiska 9 PM
Ou ka kondi sèlman lè ou nan yon veyikil ki gen kòmman doub (yon fren enstriktè) ak lè ou akonpaye avèk yon paran, responsab legal, moun ki “ranplase paran”, pwofesè edikasyon chofè, oswa enstriktè oto-ekòl ki gen laj 21 ane oswa plis epi ki gen yon lisans chofè valab pou kondi kalite veyikil ou ladan an.	Ou ka kondi sèlman lè ou akonpaye avèk yon paran, responsab legal, moun ki “ranplase paran”, pwofesè edikasyon chofè, oswa enstriktè oto-ekòl ki gen laj 21 ane oswa plis epi ki gen yon lisans chofè valab pou kondi kalite veyikil ou ladan an.	Ou ka kondi sèlman lè ou akonpaye avèk yon moun ki gen laj 21 ane oswa plis epi ki gen yon lisans chofè valab pou kondi kalite veyikil ou ladan an.
9 PM jiska 5 AM	9 PM jiska 5 AM	9 PM jiska 5 AM
OU PA DWE KONDI nan okenn sikonstans.	OU PA DWE KONDI nan okenn sikonstans.	Ou ka kondi sèlman lè ou akonpaye avèk yon paran, responsab legal, moun ki “ranplase paran”, pwofesè edikasyon chofè, oswa enstriktè oto-ekòl ki gen laj 21 ane oswa plis, epi ki gen yon lisans chofè valab pou kondi kalite veyikil ou ladan an.

POU PRAN RANDEVOU POU YON TÈS PRATIK

Ou kapab pran yon randevou pou tès pratik ou nan sitwèb dmv.ny.gov/roadtest, oswa ou kapab rele Sistèm Randevou otomatize pou Tès Pratik nan nimewo **1-518-402-2100** pou ran randevou a. Y ap mande ou pou bay 9 chif nimewo ID ki nan lisans apranti ou oswa lisans ou, **ak** nimewo Sètifika Patisipasyon nan Kou ki nan sètifika ou te resevwa lè ou te patisipe nan kou sekirite sou otowout oswa nan kou edikasyon chofè pandan 5 èdtan. Si ou aplike pou yon lisans chofè komèsyal, y ap mande ou nimewo ki nan resi ou te resevwa a lè ou te peye frè pou tès aptitud la.

NÒT POU TOUT MOUN KI GEN LISANS APRANTI KLAS DJ OSWA MJ: Anvan ou fè yon tès pratik, **ou dwe fè omwen 50 èdtan pratik ap kondi anba sipèvizyon pandan omwen 15 èdtan apre solèy la kouche.** Pou fè tès pratik la, ou dwe pote yon fòm MV-262 DMV ki ranpli (Sètifika Kondi Anba Sipèvizyon) ki gen siyati paran ou oswa responsab legal ou. Ou kapab jwenn fòm sa a nan sitwèb dmv.ny.gov oswa nan nenpòt biwo DMV, oswa ou kapab rele yon Sant Apèl DMV pou mande pou fòm nan.

